

Pou Piblikasyon Imedya: 02/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FÒMASYON YON 500YÈM ETIDYAN NAN SISTÈM AYERYEN SAN PILOÛT NAN KAD KOU YO NAN SANT FÒMASYON POU PREPARASYON ETA A**

***Gen plis pase 500 fonksyonè sekirite piblik ki fòme sou itilizasyon dwòn depi Septanm 2017***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen plis pase 500 etidyan ki resevwa fòmasyon nan itilizasyon sistèm ayeryen san pilòt (unmanned aircraft systems, UAS), oswa dwòn, pou operasyon sekirite piblik nan Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a (State Preparedness Training Center). Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services) te atenn chif sa a nan mwa Avril nan atelye Sansibilazyon sou UAS li an, youn nan kat kou li ofri yo sou itilizasyon UAS. Kou a ede edike fonksyonè sekirite piblik yo ak premye entèvenan yo sou kijan pou yo entegre dwòn yo nan operasyon sekirite piblik yo. Kòm pifò nan sezon fòmasyon an toujou pi devan, Divizyon an prevwa li pral ogmante chif sa a anpil pandan ane k ap vini an epi fòme plizyè santèn operatè anplis dis 2020.

"Gras a envestisman estratejik k ap mennen nan nasyon an nan devlopman sistèm dwòn, Eta New York fè anpil pwogrè nan aplike teknoloji sa a nan operasyon sekirite piblik eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Fòmasyon yo ki disponib nan Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta klas mondyal nou an ekipe premye entèvenan yo avèk plis kapasite evalye sityasyon dijans epi rafine operasyon yo ak plan entèvensyon jan sa pa janm fèt anvan."

"Kòm Prezidan Konsèy pou Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Councils), mwen wè avèk je pa mwen evolisyon travay nou an pou devlope endistri dwòn wot teknoloji an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pwogram sa a pou fòme etidyan yo sou sistèm ayeryen san pilòt ap ba yo konpetans yo bezwen yo epi fè vanse sekirite piblik nan Eta New York. Nou pran angajman kontinye agrandi pwogram nan epi fòme plis etidyan pou amelyore operasyon yo epi fè vanse devlopman sistèm dwòn yo."

"Pi devan, ap gen deplizanplis pwofesyonèl sekirite piblik ki pral sèvi avèk sistèm ayeryen san pilòt pou pwoteje piblik la pandan y ap amelyore kapasite operasyonèl nou yo anpil nan plizyè domèn tankou rechèch ak sovtaaj, evalyasyon dega, ak investigasyon ensandi", **Patrick A. Murphy, Komisè Pwovizwa Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo, te deklare.** "Pwogram fòmasyon sou dwòn lan yo ofri nan Sant Fòmasyon pou Preparasyon klas mondyal New York la ekipe premye entèvenan yo avèk konpetans ak edikasyon ki nesèsè yo pou mennen operasyon sa yo ki gen posibilite sove lavi."

Eta New York se yon lidè nasyonal nan devlopman ak òf fòmasyon sou UAS pou kominote premye entèvenan an, epi li se youn nan sèlman kèk eta ki elabore yon pwogram konsa. Pwogram fòmasyon Eta New York elabore a gen yon trè bon repitasyon nan kominote premye entèvenan an epi li baze sou konsèy Administrasyon Avyasyon Federal la (Federal Aviation Administration) bay. Gen plizyè eta ak ajans lokal ki egzije kounye a pou pilòt yo suiv pwogram fòmasyon sa a anvan yo dirije operasyon dwòn pou ajans.

Kou fòmasyon sou UAS Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York la ofri yo fèt gratis pou fonksyonè sekirite piblik yo ak premye entèvenan yo. Se yon ekip anseyan nan Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a, Sant Nasyonal pou Sekirite ak Preparasyon an (National Center for Security and Preparedness), ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environment Conservation) Eta New York la, yon lòt ajans ki nan tèt nan itilizasyon dwòn, ki anseye kou yo.

Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a ofri kat kou davangad nan Pwogram Fòmasyon nan Sistèm Ayeryen San Pilòt (Unmanned Aircraft Training Programs):

- **Atelye Sansibilizasyon sou UAS:** Li fèt pou reprezantan ajans sekirite piblik yo k ap konsidere elaborasyon pwogram UAS. Li gen ladan yon vi jeneral sou itilizasyon UAS, reglèmantasyon, defi, jesyon pwogram UAS ak pwoblèm anti-UAS.
- **Kou Preparasyon sou UAS 107yèm Pati:** Li fèt pou ede kandida pou pilòt UAS Sekirite Piblik yo pare pou - epi arive pase - Egzamen sou 107yèm Pati FAA a. Egzamen an konsantre sou règleman, kondisyon itilizasyon ak pwosedi yo pou fè dwòn yo vole san danje.
- **Kou Debaz pou Operatè UAS:** Li prepare patisipan yo pou yo mennen operasyon UAS san danje, efikas ak etik nan yon konbinezon kou teyorik ak kou pilotaj. Pami sijè jou yo gen itilizasyon legal ak etik UAS, otorizasyon vole, jesyon resous ekipaj la, desizyon anvan vòl la, analiz risk, planifikasyon misyon, fotografi and videyo, aplikasyon konpetans ak senaryo.
- **Kou Avanse pou Operatè UAS:** Li gen kòm objektif amelyore konpetans teknik ak jijman Operatè UAS yo gras a aplikasyon konpetans ak senaryo vòl. Pami sijè kou a gen vòl nan lespas/teknik, vòl nan fènwa, deplwaman chay itil, ak fonksyon avanse vòl otonòm.

### **Konsènan Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a**

Sou administrasyon Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, gran evantay lokal fòmasyon Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a bay premye entèvenan yo okazyon resevwa fòmasyon nan anviwònman reyalis. Chita sou 445 ekta, lokal fòmasyon Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a gen ladan yon fo vil 45,000 pye kare, yon konplèks lojman rezidansyèl, yon pil dekonm batiman ki efondre, zòn bwa, vagon tren ak lòt anviwònman. Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a kounyeya ki nan 13yèm ane I, fòme chak ane plizyè milye premye entèvenan ki gen pami yo lapolis, sèvis medikal dijans ak pèsònèl sovtaj teknik.

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi

rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [paj Facebook](#) la, swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), oswa vizite [dhSES.ny.gov](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](#)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)